

Yon tram pratik sou montaj pwojè ti biznis la ak kèk kesyon ou bezwen poze avan

A- Prezantasyon

- Prezante tèt ou ak patenè biznisman si wap genyen ;
- W'ap bezwen prezante ki aktivite ou bezwen fè a e poukisa, pandan wap toujou genyen nan tèt ou

B- Etidye mache a

Sa vle di chèche konnen :

- Kisa moun yo, ki nan blok kote ou chwazi fè biznis la bezwen yo paka jwenn fasil oubyen ki pa genyen, epi y'ap bezwen pou achte ;
- Idantifye ki kapasite moun yo genyen pou konsome/achte sa w'ap pwopoze a ;
- Answit, idantifye klèman nan ki espas estratejik, nan ki zon pou biznis la ta pozisyon li swivan plan maketing ou vle defini an...

C- Fè yon plan biznis

- Plan biznis lan ap pèmèt moun ki pral fè biznis lan fikse tèt li kèk objektif sou rantabilite kob li pral investi a.
- Eseye kalkile kou fiks ak kou varyab yo;
- Eseye kalkile kou fiks ak kou varyab yo;
- Eseye idantifye ris ak kontrent yo ou ka jwenn pou reyalize biznis sa.
- kesyon rantabilite (benefis sou investisman w lan) ;
- Koman benefis la ap repati si gen plizyè biznisman;
- Konbyen moun w ap mete ladan l kòm anplwaye;
- **W'ap prezante yon pati finansye (lajan w'ap bezwen pou w fè biznis lan, detaye)**

Kidonk, li bezwen byen klè sou konbyen kob lap bezwen pou li investi nan achte materyèl ak pwodui... epi lajan frè pou li al chèche pwodui yo elatriye...

Benefis = Pri ou achte a + frè ou peye tankou taks moto elatriye (pri li vini total la) ou mwens li nan pri ou vann pwodui a. Diferans lan se limenm ki benefis ou fè a. Ou bezwen pou sa klè nan tèt ou...

Sa ki vle di, ou pap ka fè yon **bon plan biznis** si ou pa deja gen yon ide sou pri materyèl ak engredyan ou pral itilize yo ak frè sa ap koute pou li rive nan baz biznis lan...